



The Commonwealth of Massachusetts

DEPATMAN SÈVIS PIBLIK (D.P.U)

MEMORANDÒM

POU: D.P.U. 24-15 Lis Distribisyon Elektwonik

MOUN KI VOYE Laurie Ellen Weisman, Ajan ki koute e pran dezisyon
LÈT LA:

SIJÈ: D.P.U. 24-15 Ajanda ak Enstriksyon pou Seyans travay la

DAT: June 4, 2024

KOPI POU: Mark D. Marini, Sekretè Depatman an

I. ENTWODIKSYON

Nan dat ki te 4 Janvye 2024, Depatman Sèvis Piblik (“Depatman”) te ouvri yon Ankèt sou Kantite kòb yo depanse nan yon kay pou zafè enèji kote yo konsantre sou aksè ak kapasite moun nan kay la genyen pou yo peye depans sa yo san pwoblèm, D.P.U. 2415, yon fason pou yo ka egzamine mezi pou yo pran parapò ak gwo bil anpil moun ki abite Massachusetts peye pou enèji. Ankèt sa a ap pèmèt Depatman an egzamine amelyorasyon ki ka pote pou pwogram aksè ak kapasite pou peye enèji, ki gen kounye a, -sa gen ladan l pou gen yon pwogram pou fè rediksyon sou kantite kòb yon gwoup moun peye pou enèji – redui kantite kòb yo depanse nan yon kay pou enèji, sa ki ka gen move efè sou kliyan k ap peye sèvis piblik yo, tankou dlo, kouran, gaz, chofaj, elatriye.

Nan Arete pou ouvri ankèt sa a, Depatman an te mande kòmantè moun ki enterese sou fason Depatman an ka redui kantite kòb yo depanse nan kay pou enèji, epi jere kesyon pou moun yo gen aksè ak kapasite pou peye l, e li deklare l ap detèmine pwochen etap la apre li fin egzamine premye kòmantè yo. Depatman an te resevwa e egzamine kòmantè sa yo e li te detèmine pwochen etap ki awopriye pou yo fè se organize yon seyans travay pou moun sa konsène yo sou Zoom yon fason pou yo ka jwenn plis kòmantè. Seyans travay la ap fèt **Lendi 24 jen 2024, soti 10:00 A.M. pou rive 5:00 P.M.** Memorandòm sa a gen ladan l yon premye lis bagay yo planifye pou pale, detay pou ka gen aksè nan seyans travay la ak enstriksyon pou patisipe ladan l.

II. AJANDA

- Pawòl pou swete Byenvini ak Enstriksyon pou patisipe
- Apèsi sou aksè ak kapasite pou peye enèji
- Chita pale sou zafè jistis anviwònmantal
- Plan pèman selon pousantaj revni yo (“PIPP”)
- Kantite kòb yo mande peye sou baz enèji ki boule oswa nivo revni ki genyen an
- Zafè enskripsyon ak angajman
- Pwochen Etap

III. ENSTRIKSYON POU SEYANS TRAVAY AN LIY LAN

A. Platfòm videyokonferans ak Aksè piblik

Depatman an ap òganize seyans travay la sou platfòm videyokonferans Zoom. Nenpòt moun ka patisipe nan seyans travay k ap an dirèk la lè yo antre sou lyen <https://us06web.zoom.us/j/89051005277> apati yon òdinatè, telefòn entèlijan, oswa tablèt, oswa tablèt. Li pa nesesè pou w telechaje yon lojisyl. Pou patisipe nan seyans travay la kote w ap tande sèlman, rele nan (646) 558-8656 (apèl la pa gratis) e antre nimewo reyinyon an ki se 890 5100 5277.

Seyans travay sa a ap disponib ann anglè, espayòl, pòtigè, chinwa mandaren ak kantonè, kreyòl ayisyen ak vyetnamyen. Pou ka gen aksè ak sèvis entèprèt pandan seyans chita pale a, klike sou bouton “Interpretation” ki vle di Entèpretasyon (senbòl glòb tè a) nan meni an ki anba ekran Zoom nan epi chwazi lang ki apwopriye a. Pou mande plis lang, kontakte Laurie Ellen Weisman, Ajan ki koute e pran dezisyon, nan laurie.e.weisman@mass.gov **pou pita nan dat 18 jen 2024 a 5:00 P.M.** Pou jwenn dokiman nan fòma ki aksesib pou moun ki andikape (Bray, gwo lèt, fichye elektwonik, fòma odyo), kontakte Jenyka Spitz-Gassnola, kowòdonatè Depatman Lwa sou Ameriken ki gen Andikap (ADA), nan Jenyka.Spitz-Gassnola2@mass.gov.

Tout patisipan yo dwe idantifye tèt yo sou Zoom lè yo mete tout non yo ak òganizasyon yo ye a.

B. Fòma Seyans travay la

Depatman an ap pran latèt nan Seyans travay la. Sijè yo te prevwa egzamine nan ajanda a ap kòmanse ak prezantasyon panelis Depatman an te deziye yo ap pase yo, apre sa Depatman an ap bay moun ki pa panelis yo okazyon pou yo poze kesyon oswa fè kòmantè sou sijè y ap pale a. Y ap poste prezantasyon yo (ak tout dokiman ki gen rapò ak pwosedì sa a) sou sit Depatman an nan <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber/24-15> omwen de jou anvan seyans travay la.

Moun ki pa panelis ki ta vle fè kòmantè oswa poze kesyon dwe sèvi ak opsyon Leve men an oswa rele nan *9 lè Ajan ki koute e ki pran dezisyon an mande sa. Ajan an ap chwazi moun yo selon lòd yo parèt sou ekran 1 lan. Moun k ap jere kesyon teknik yo pou reyinyon an ap

pèmèt patisipan an ouvri mikwo, pataje vidéyo elatriye, pou l ka patisipe nan diskisyon jeneral k ap fèt sou sijè y ap egzamine a. Pou n ka pran plis kòmantè posib, lè n ap fè kòmantè oswa poze kesyon, tanpri pran anviwon twa minit e pale sou sijè y ap egzamine a. Tanpri, pa repete kòmantè ekri ou te deja fè yo.

Seyans travay la ap fèt jou k ap Lendi 24 Jen 2024 la, soti 10:00 A.M. pou rive anviwon 5:00 P.M., sof si Ajan k ap koute e k ap pran desizyon an bay lòt enstriksyon. Ap gen yon poz manje nan zòn 1:00 P.M, l ap dire 45 minit. Ajan an ka prevwa lòt poz si sa nesesè.

Pou asire bon dewoulman seyans travay la, se sèlman pèsonèl Depatman an, panelis yo ak patisipan yo pèmèt ouvri mikwo, pataje vidéyo k ap parèt nan vidéyo a e k ap ka ouvri mikwo yo pou yo ka pale.

C. Vidéyo

Platfòm vidéyokonferans Zoom ap pase seyans travay la an dirèk; yo pap anrejistre sa k ap pase an dirèk la, e li pap fè pati dosye ofisyèl pwosedi sa a. Pandan seyans travay la, y ap dezaktive opsyon sou Zoom ki pèmèt moun voye mesaj oswa anrejistre.

Yo atann pou tout panelis yo (sa gen ladan l patisipan yo pèmèt ouvri mikwo, pataje vidéyo yo pou yo patisipe nan diskisyon an) parèt nan vidéyo yo. Si yon panelis pa ka parèt nan vidéyo a akoz pwoblèm teknik, Ajan ki koute e pran desizyon an ka ba l yon kantite tan rezonab pou rezoud pwoblèm nan. Si pwoblèm teknik lan pa ka rezoud apre yo fin bay yon kantite tan rezonab, Ajan an ka mande panelis la pou l pale nan telefòn.

D. Odyo

Tout panelis yo dwe pale dousman e klè pou ka ede entèprèt yo ak lòt patisipan yo. Se vre, Ajan ki koute e pran dezisyon an pral fè efò pou pa deranje moun, men li ka kanpe moun k ap pale yo pou mande yo repete sa yo di a oswa al pi dousman.

Pou redui bri ki bò kote nou ak lòt bagay ki ka distrè moun, tout panelis yo dwe fèmen mikwo yo sof si y ap pale. Ajan ki koute e pran dezisyon an pral sèvi ak opsyon Zoom genyen ki pèmèt li ka fèmen oswa mikwo panelis yo si sa nesesè.

E. Moun k ap jere kesyon teknik yo ak Èd teknik

Moun k ap jere kesyon teknik yo pandan seyans travay la se ap Shirley Barosy, Responsab legal pou Seksyon legal Depatman an. Moun k ap jere kesyon teknik yo ap gen privilèj pou l se animatè sou Zoom. Tanpri, rapòte nenpòt difikilte teknik pandan sesyon travay la bay madam Barosy nan shirley.barosy@mass.gov. Pou tout kesyon anrapò ak èd teknik anvan chita pale a, tanpri kontakte Laurie Ellen Weisman, Ajan ki koute e pran dezisyon, nan laurie.e.weisman@mass.gov.

F. Kesyon

Pou plis kesyon konsènan memorandòm sa a, oswa pou mande pou ajoute oswa retire w sou lis distribisyon elektwonik lan, tanpri kontakte Laurie Ellen Weisman, Ajan ki koute e pran desizyon, nan laurie.e.weisman@mass.gov. Epitou, ou ka kite yon mesaj vokal ki gen non w ak nimewo telefòn ou nan (617) 305-3690.